Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 32 (7433)
20 Август 2020 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багъа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Баркула гьавураб къо!



**Гьал къоязда живго гьавураб къо кIодо гьабуна Дагъистаналъул бетIер Владимир ГIабдугIалиевичас. Республикаялъул бетIерасда гьеб баркана нилъер районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьес хъвалеб буго;**

« ХIурматияв Владимир ГIабдугIалиевич! Унсоколо районалъул администрациялъул хIалтIухъабазул, районалъул Собраниялъул депутатазул, ЖамгIияб палатаялъул, муниципалитеталъул гIадамазул ва дирго рахъалдасан ракI – ракIалъ баркула дуда гьавураб къо! Биччанте кидаго Мунгун букIине ракI – ракIалъулаб ва кинабго рахъалъулаб цадахъ хIалтIулезулгун гьалмагъзабазул кумек, гIумроялъулаб хIалбихьи. Кинабго рахъалъ цере лъурал мурадазде щваги Мун!

РакI – ракIалъ гьарула, Дуе, щулияб сахлъи кидаго тIаса унареб рухI – жан, къисматалъулъ битIккей.

**ХIурматгун ва лъикIаб гьари – рахьигун «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов.**

## ГIолилал мугIруздаса унгутIиялъе

Араб анкьалда нилъер районалде рачIун рукIана РДялъул тарихиялгун археологиялъул ва этнографиялъул институталъулги РАН федералияб цIех – рехазул централъулги вакилзаби. ДандчIвай букIана районалъул бетIерасул зам. М. ХIамзатовасул кабинеталда. Гьениб борхун букIана росабазул гIадамал шагьаразде гочун ун, росаби чIорого хутIиялъул рахъалъ кIвар бугел суалал. Гьелъие аслияб гIиллалъун рикIкIунеб буго росабалъ бизнес цебетIезабиялъе, ракьал хIалтIизариялъе, жидерго иш бачиналъе шартIал гьечIолъи.

«Дагъистаналъул гIемерал районазда ва росабалъ вукIана дун, кибго буго пашманаб сипат – сурат; 20% дагьлъун буго гьениб кIикъого сонида жаниб гIадамазул къадар», - ян бихьизабуна тарихиял гIелмабазул доктор МухIамадхан МухIамадхановас. - Гьеб буго нилъ пашманлъизе ккараб хIасил ва щиб ургъунги хисизабизе ккола гьеб ахIвал хIал. Нуж балагье чан ругел мугIрузда данде кколаредухъ хIалтIулел программаби. Гьезда бицунеб буго климаталъул, рукIинесел хIасилазул, амма цIар бахъун гьечIо гIадамазул. Нилъер мурад буго гьел программаби гIаданлъиялде рачIинари, гIадамазул магIишат - гIумроялда, хIалтIулал шартIазда акцент гьабизе проектал тIуразарулаго.

Гьоболас бихьизабухъе цогидал муниципалитетазда данде ккун Унсоколо район гьеб рахъалъ тIубанго батIияб хIалалда буго. Гьаниб гIодобегIанаб буго росабалъа шагьаразде гочун унел гIадамазул къадар, амма гIемерал руго захIмалъабиги.

«Ресал руго гьеб рахъалъ район цебетIезабизе, руго гьелъие мурадалги, къасдалги, амма кинабго бараб буго гIарцуда,» - ян бихьизабуна дандчIваялда бетIерасул зам. М. ХIамзатовас. Гьенибго тIадчIей гьабуна аслияб къагIидаялъ рорхатал мугIрузул районадаса унел ругин гIадамал шагьаразде, гьениб гIумро гьабизе шартIал гьечIолъиялъ, - абун.

ДандчIваялда бихьизабуна кьучIдасанго гьеб ахIвал – хIал хисизабиялъе Россиялъул цIех – рехазул фондалъ грантал рихьизарун ругин, кинабго гьабизе бихьизабун буго мугIруздаса шагьаразде гIолилал унгутIиялъе, гьел росабалъ магIишат гьабиялде руссинариялъе. ГIолилал росабалъа иналъе аслияб гIиллалъун буго гьенибе газ бачун гьечIолъи, бетIер бахъиялъе захIмалъаби рукIин. ХIисабалде росун руго росабалъ шартIал чIезаризеги.



## Руччаби ва туризм

(Унсоколо районалъул администрациялда тIобитIана «Росдал туризм цебетIезабиялъе - руччабазул роль»,- абураб темаялда конференция)



Туризм цебетIезабиялъе бахъулеб хIаракат киса – кибего гIодобе ккезабуна пандемиялъ. Республикаялдаса батIи – батIияв бакIаздаса рачIарал руччабаз гьелъул хIакъалъулъ бицана 19 августалда райадминистрациялъул конференц залалда. «Демография», «Культура», «Малое и среднее предпринимательство и поддержка индивидуальной предпринимательской инициативы», - абураб темаялда конференция гIуцIана «Союз женщин Дагестана» ДРООялъ – председатель – И. Мамутаева.

Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул кумекалдалъун гьеб районалда тIобитIизе квер бакъана ансадерил руччабазул хIалтIуе нухмалъи гьабулей П. НурмухIамадовалъ. Конференция лъугьана кумекалдалъун хьезабураблъун хIасил кьолеблъун. Республикаялъул батIи – батIиял шагьаразда ва росабалъа руччабаз кIудияб гьираялда дандрана туризм цебетIезабиялъе руссарал суалал, бицана жиндерго церетIеязул гьалатIазул ва захIмалъабазул.

Саламалъулаб каламалда Дагъистаналъул руччабазул Союзалъул пред. И. Мамутаевалъ бихьизабуна туризм цебетIезабиялъулъ руччабазул роль рихьдае бихьизабулеб жо гурин. «Гьеб хIакъикъаталдаги кIвар бугеб тема ккола, гьабсагIаталда руччабазе хIажат буго кинаб бугониги доход бачIунеб иш, жалго рихьизари, гьелъ рагьула чIужугIаданалъул потенциал. Ниж цIакъ рохарал руго ГI. МухIамадовичасул кумекалдаса, гьев бачIинахъего данде вачIана нижер пикруялда, дандчIвана рагьараб ракIгун. Баркала, дуе кIудияб! Унсоколо район буго Дагъистаналдаго гьайбатаб бакI. Гьенир рахьана цIар арал гIадамал, буго гьайбатаб тIабигIат, лъикIал руго гIадамал. ниж цIакъ рази руго жакъа нужер гьанир ракIаризе щвеялдаса.

**(Ахир 4 гьум.)**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 32 (7433)
Хамиз
20 Август 2020 сон



Ахирияб заманалда гIемер батIи – батIиял проектал хIалтIизарулел руго Дагъистаналда, цереккун ричча – рихьан тун рукIарал рахъал гIумроялде рахъинаризе. Гьел руго «Мой Дагестан – мои дороги», «Мой Дагестан – моя вода», «150 школ», коммуналиял, росдал магIишаталъул ва цогидалги бутIаби гъорлъе рачарал. Шамильхъала поселокалда инфраструктура лъикIлъизабиялъе данде кколеб проект балагьани лъикIан



Нижер гара – чIвари

# Посёлок къачIазе проект балагьизин

**Поселокалда гIумру гьабулезе шартIал рукIинариялде руссарал руго «Шамильхъала» ООО Управляющияб кампаниялъул хIалтIи. Гьал къоязда дица гара - чIвари гьабуна гьеб кампаниялъул нухмалъулесул заместитель Суайбат ХIамзатовалъулгун.**

**- Суайбат, бице гьеб кампаниялъул хIакъалъулъ, кида ва кинал рахъалги хIисабалда росун гьеб рагьараб, кинал ругел тIадал ишал?**

- Хасаб тендералдаги бергьун 2019 соналъул 1 июналда гIуцIана «Шамильхъала» ООО Управляющияб кампания. Гьелъие нухмалъи гьабулеб буго Расул ХIусейновас.

Аслияб къагIидаялъ кампаниялъ жаваб кьезе ккола коммуналиял сетазул. Рихьуни ГЭС балелдего поселокалде лъим бачун буго ракьулъан изоляцияги гьечIого рогIралги лъун. Санал раялъ гьелги турун ахирияб заманалда лъадал захIмалъаби камулел гьечIо поселокалда. Гьезул сеть буго гьадинаб; УМРалъул минаялда нахъа буго кIиго лъадал резервуар. КIиябго резервуаразда жанир лъурал насосаз кьабула поселокалде лъим. Гьединго лъим кьабула сангаралда аскIоб бугеб гъваридаб резервуаралдасанги. Гьенисан лъим кьабизеги гъварилъуда лъун буго лъабго насос. СМУ – 4 букIараб бакIалдаги буго резервуар ва гьеніб лъураб насосги. Гьенисан кьабула лъим Рихьуни росулъе, военияэул поселокалде, райадминистрациялде, общежитияздеги.

**- Лъим бачиналъе гьединаб къагIида инженерлъиялъулал къагIидабазде данде кколищ, масала, ракьулъан лъим бачин?**



- Гьеб бачине кколаан бетоналъул латоказда жанисан. ГЭС балелдего гьедин бачараб системаялда гьанже щибха гьабилеб.

**- Канализациял кьвагьаралги хIужаби рукIуна поселокалда. Гьезул карта бугищ?**

- Дида гьезул кинаб букIаниги карта бихьичIо. 30 соналъ цебе ракьулъан кинаб букIаниги изоляцияги гьабичIого гьарурал канализациял руго гьел, гIемерал захIмалъаби руго трубаби турун рукIиналъ, къачIанги турарал трубаби чIелищха? Бокьилаан гьелъие щибгIаги ургъизе.

**- ГьабсагIаталда тIолго Россиялда гьединго Дагъистаналдаги хIалтIулел руго гIемерал пайдаял проектал. Гьединал проектазулъе лъугьине тIалабги гьабун, тIуранго хисизе бегьуларебищ лъел рогIралги канализациязул сетьги?**

- Бегьула, амма гьезул тIалаб гьабизе ккола. Бокьилаан районалъул нухмалъиялъги Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадовасги поселокалъул гьумер хисиялъе кIудияб кIвар бугеб гьеб суал республикаялъул кIвараялъул органазда борхани. ГIицIго гьел проектазде буго нижецаги хьул гьабулеб.

**- Кинаб хIалалда бугеб отчистительнияб сооружение, тIубазабулеб бугищ гьелъ жиндаго тIадаб иш?**

- Киса – кибего гIадин хIалтIизабураб лъин бацIцIад гьабула гьеб сооружениялда, хлорги гъорлъ жубан киналго бацIад гьабиялъул ишаздаса хадуб тIад буссуна хIорахъе лъим, гьелъ тIадаб иш тIубазабулебги буго.

**- Дида бичIчIулеб букIахъе ОООялъ гьаризесел хIалтIабазе нужецаго балагьизе кколеб буго гIарац, кин гIуцIун бугеб гьеб хIалтIи?**

- Нижер вуго 8 хIалтIухъан. ОООялъ хIалтIухъ бачIунеб гIарац кьола хIалтIухъабазе харжазеги, гьелде босула хIажатабщинабги, тIола газ – бензинги, кинабго гьабула моцIие бакIарулеб гIарцуде; квартплата, лъехъ ва цогидалги хъулухъазухъ щвараб гIарцуде. ГIемерисеб мехалда гьеб букIуна моцIие 100 - азаргоялдаса цIикIкIараб гъурущ. ГIодорегIанал руго хIалтIухъабазе харжалги, кин бугониги гьаб камун тогеги, - ян руго нижги.

**- Цоги батIиял хIалтIаби гьарулищ нужер ОООялъ?**

- Кампаниялда гьоркьобе уна Кавказалъул тендералда бергьараб «Лидер» кампанияги. Гьез тIубазабула мусор бакIариялъул ва гьеб обработкаялде кьеялъул хIалтIи. Гьеб ишалъе поселокалъул администрациялъ нижехъе кьун буго гIемерго лъикIаб хIалалда гьечIеб автомашина. Гьеб къачIалаго кьезе кколел руго цIикIарал гIарцал, къачIаниги гьеб хIалтIула чанго къоялъ. Гьединаб техника букIиналъ хIасилал лъикIал кьолел гьечIо, жеги кампаниялъул хIалтIуе тарифги чIезабун гьечIо.

Нижеца хъулухъ гьабулел чанго батIиял организациял руго; пенсионнияб фонд, налогазул инспекция, почта, школа ва цогидалги учреждениял. Гьезие хъулухъ гьабула къотIи – къаялда рекъон, гьел хъваларин чIолел руго цо-цо нухмалъулел. Гьединал захIмалъабаз, ай гIарац гьечIолъиялъ унго – унголъунги ракI разияб хIалалъ хIалтIи лъугьунеб гьечIо нижер.

**- Организациязулгун къотIи – къаялги хъвани, тарифалги чIезаруни, гIарцул захIмалъаби лъугIизе рес кколаребищ?**

- Тарифал чIезаричIо.

**- Щай, гьелъие цадахъаб хIалтIи щай гьабулареб?**

- Щайгурелъул коммуникационниял сетал хисун 5 сон ун хадуб гурони, хъулухъазул тарифал чIезарулел гьечIо. Гьел чIезаризе кколел руго правительствоялдасан, Гьелда бан хутIун буго нижее бачIунеб гIарцул цояб рахъ.

**- ГIицIго квартплатабазул гуреб цойги гIарац бачIунеб бакI гьечIищ нужее?**

- БачIуна РСЖ (ремонт и содержание жилых домов) абураб. Гьеб бачIуна чердакал, подвалал, подъездазе ремонтал гьаризе. БитIун бицани чIахIиял хIалтIаби гьаризе гьал ахириял саназда нижехъа бажаричIо. Цойги нухалъ бицаниги захIмалъаби руго квартплата гIададмаз кьоларого. Гьел кьезе ккола – 1 ком.кв – 98 гъур. 50 коп. 1 моцIалъухъ. 2-х ком.кв – 130 гъур 51 коп. 3-х ком.кв – 172 гъур. 32 коп. 4-х ком. кв – 213 гъур.

ГIадамаз жиндир заманалда квартплата кьунгутIиялъ кIудияб налъибугонижерОООялда тIад. ЗахIмалъаби руго анир квартирабиги тун цоги бакIазда гIумро гьабулелги гIадамал рукIиналъ. Рокъор ругезухъе хасал хIалтIухъаби ритIула, ругел заманги хал гьабун.

Къокъго абуни ОООялъул хIалтIухъабазул жигаралдаги гIумру гьабулезул намус – яхIалдаги бараб буго нижер хIалтIул рахьи букIин.

**Редакциялъул рахъалдасан**

**Дагъистаналъул мугIрузда цого – цо бугеб шагьаралъулаб типалъул поселок буго Шамильхъала. Шагьаралъул коммуникацияги гьениб гIадаб рукIа – рахъинги бокьаразе лъикIал ресал руго гьел. Амма гьоркь бугеб ракьулъе унел рихъарал канализациялги, турун гьенирего рецIцIулел лъел рогIралги ругеб мехалъ ракI чIараб букIинесеб гьечIо гьелъул. ГIадада гуро абулеб «Кьалбаз ккола гьветI»- ян. ГIодоб щулалъи гьечIони, борхалъуда гьеб букIинего букIиницI!? Нилъ руго лъикIал ресазул заманаялда гIумро гьабулел гIадамал. хIалтIулел руго щвалде щварал программаби, гьездасан пайда босизе хIажат бугоан поселок цIунулаго жакъа нилъее.**

***Гара – чIвари гьабуна районалъул***

***«Ахихъан» газеталъул бетIерай редактор***

***Саният КъебедмухIамадовалъ***

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 32 (7433)
Хамиз
20 Август 2020 сон

3 гьумер

**Садовод**

Страница в номере



# Предназначение первичных средств пожаротушения в зданиях образовательных учреждений

Здания и помещения должны быть обеспечены первичными средствами пожаротушения. Для их размещения на территории предприятий устанавливают специальные щиты. На щитах размещается следующий ручной пожарный инвентарь: ломы, багры, топоры, ведра. Рядом со стендом устанавливается ящик с песком и лопатами, а также бочка с водой емкостью 200-250 литров.

Ломы, багры, топоры должны быть хорошо заточены. Угол заточки фаски ломов и багров рекомендуется 65-70 градусов, топоров - 45-50. При пожаре ломы, багры, лопаты, топоры применяют для разборки деревянных конструкций. Лом сильным ударом вводят между досок, после чего, работая им, как рычагом, отрывают доски пола или перегородки. Если огонь проник в междуэтажное перекрытие, штукатурку отбивают кольцом багра. Топор применяют для перерубания досок, конструктивных элементов, открывания дверей. Кошма предназначена для изоляции очага горения от доступа воздуха. ‘JIOT метод очень эффективен, но применяется лишь в небольшом очаге горения. Горящий предмет следует быстро накрыть кошмой, стремясь лучше изолировать от доступа воздуха и держать до полного прекращения горения. Для тушения пожаров внутри зданий используют противопожарные водопроводы, снабженные пожарными кранами. Пожарный кран имеет пожарный рукав (длиной до 20 м.) и ствол. Подступы к пожарным кранам должны быть свободными. Пожарный рукав должен храниться присоединённым к крану и стволу. Рукав скатывается в скатку (круг) или укладывается в гармошку. Шкафчик для хранения пожарного рукава должен быть закрыт снаружи на задвижку и опломбирован. Работу крана нужно периодически проверять. Для этого отсоединяют рукав, под кран ставят ведро и открывают кран. Особенное внимание нужно уделять проверке пожарных кранов после ремонта водопроводной сети. Причиной течи в кране может быть неисправность сальника, отсутствие или износ прокладки. Рукава для соединения с пожарным краном и стволом имеет с обоих концов специальные гайки. Для плотного соединения гайки снабжены резиновыми прокладками. Рукава надо периодически очищать от пыли и перекатывать, меняя место продольных складок. Мокрые рукава необходимо сушить, но не на солнце. В процессе эксплуатации следят, чтобы на рукавах не было протёртостей и надрыва ткани.

Надежными первичными средствами тушения пожаров до прибытия подразделений пожарной охраны являются огнетушители. Огнетушители по виду огнетушащего вещества подразделяются на химические пенные, воздушно пенные, углекислотные, порошковые.

**ОГНЕТУШИТЕЛИ ХИМИЧЕСКИЕ ПЕННЫЕ (ОХП)**

Данные огнетушители предназначены для тушения твердых и жидких веществ и материалов. Область применения их почти безгранична, за исключением тех случаев, когда огнетушащее вещество способствует развитию процесса горения или проводит электрический ток.

Они просты по устройству, при правильном содержании надежны в эксплуатации. ОХП состоят из корпуса, кислотного полиэтиленового стакана, горловины, рукоятки, крышки, пружины, клапана, спрыска и предохранителя.

Для приведения в действие огнетушителя ОХП необходимо:

- прочистить спрыск металлическим стержнем (проволока, гвоздь)

- поднести огнетушитель к очагу пожара;

- рукоятку поднять и перекинуть до отказа, перевернуть огнетушитель вверх дном;

- встряхнуть, направить струю на очаг загорания.

К недостаткам пенных огнетушителей относятся: узкий температурный диапазон применения (+50С…+450С), коррозионная активность заряда, возможность повреждения объекта тушения, необходимость ежегодной перезарядки.

Виды ручных химических пенных огнетушителей:

- ОХП – 10, ОП-М и ОП-9ММ.




**ОГНЕТУШИТЕЛИ ВОЗДУШНО-ПЕННЫЕ (ОВП).**

Воздушно-пенные огнетушители предназначены для тушения твердых и жидких веществ и материалов.

Составные части огнетушителя: корпус, сифонная трубка, баллон с диоксидом углерода, мембрана, держатель, прокладка, крышка, горловина, рычаг, рукоятка, шток, защитный колпак, центробежный распылитель, раструб, пакет сеток и башмак.

Виды воздушно-пенных огнетушителей:

Ручные ОВП-5, ОВП-10;

Стационарные ОВП-100, ОВПУ-250.

**ОГНЕТУШИТЕЛИ УГЛЕКИСЛОТНЫЕ (ОУ).**

Огнетушители данного вида предназначены для тушения небольших очагов горения веществ, материалов, электроустановок (под напряжением не более 10000 В), за исключением веществ, которые горят без доступа кислорода.

ОУ состоят из баллона с диоксидом углерода, запорного вентиля, раструба и шланга. Огнетушащим средством огнетушителей ОУ является сжиженный диоксид углерода (углекислота). Температурный режим хранения и применения ОУ от - 400С до + 500С.

Для приведения ОУ в действие необходимо:

- сорвать пломбу, выдернуть чеку;

- направить раструб на пламя;

- нажать на рычаг.

Правила пользования:

- нельзя держать огнетушитель в горизонтальном положении или переворачивать головкой вниз;

- нельзя прикасаться оголенными частями тела к раструбу, т.к. температура на его поверхности понижается до – 600 С, -700 С;

- при тушении электроустановок, находящихся под напряжением не подводите раструб ближе 1 метра до электроустановок и пламени.

Углекислотные огнетушители подразделяются на:

Ручные (ОУ-2,ОУ-3,ОУ-5,ОУ-6,ОУ-8);

Передвижные (ОУ-24,ОУ-80,ОУ-400);

Стационарные (ОСУ-5,ОСУ-511).

Затвор у ручных огнетушителей может быть пистолетного или вентильного типа

**ОГНЕТУШИТЕЛИ ПОРОШКОВЫЕ (ОП)**

Предназначены для ликвидации очагов пожаров всех классов (твердых, жидких и газообразных веществ, электро установок, находящихся под напряжением до 1000 В), когда применение пенных или углекислотных огнетушителей неэффективно или может вызвать нежелательные последствия (дальнейшее развитие пожара, взрыв и т.д.). ОП состоят из следующих основных частей: корпуса, баллона с газом, манометра, удлинителя, насадки и сифонной трубки. В качестве огнетушащего вещества используют порошки общего и специального назначения. Порошки общего назначения используют при тушении пожаров и загорании легковоспламеняющихся жидкостей (ЛВЖ) и горючих жидкостей (ГЖ), газов, древесины и других материалов на основе углерода. Порошки специального назначения применяют при ликвидации пожаров и загорании щелочных металлов (натрия, калия), органических соединений и других, способных к самовозгоранию веществ. Порошковыми огнетушителями оборудуют автомобили, гаражи, склады, сельхозтехнику, офисы и банки, промышленные объекты, поликлиники, школы, частные дома и т.д.

Порошковые огнетушители выпускаются трех типов:

- ручные (переносные) (ОП-1, ОП-2, ОП-5, ОП-7 и др.);

- передвижные (ОП-100, ОК-100);

- стационарные (ОП-250).

Для приведения в действие ручного огнетушителя необходимо:

- выдернуть чеку;

- нажать на кнопку (рычаг);

- направить пистолет на пламя;

- нажать на рычаг пистолета;

- тушить пламя с расстояния не более 5 метров;

- при тушении огнетушитель встряхнуть;

- в рабочем положении огнетушитель держать вертикально, не переворачивая его.

# Руччаби ва туризм

(Унсоколо районалъул администрациялда тIобитIана «Росдал туризм цебетIезабиялъе - руччабазул роль»,- абураб темаялда конференция)

И. Мамутаевалъ жигараб гIаданлъиялъулаб хIаракаталъухъ Баркалаялъулаб кагъат къуна ГI. НурмухIамадовасухъе, бихьизабуна гьесул рекIел гIатIилъи ва кумекалъе нахъа ватиялъул, районалъул руччабазул багъа – бачари цебетIезабиялъулъ бахъулеб хIаракаталъухъ, цойги нухалъ баркала загьир гьабуна.



«Жакъа ватиларо дидаса талихIав бетIер»,- ян бихьизабуна конференциялда кIалъалаго ГI. НурмухIамадовас. – Вохун вуго дун гьаб нижер баракатаб ракьалда Республикаялдасаго рачIарал руччабазе салам кьезе щвеялдаса. Нужер хIаликъал кIигъуждузде бегун букIана эпидемиялъул заманалда кIудияб захIмат. Нижер больницаялъул бетIерай врач ГI. МухIамадовалъ, гьелъул руччабазул коллективалъ кигIан захIматго бугониги баччана гьеб, нахъе къачIо захIмалъабаздаса. Ахиралде щвезегIан къеркьана ва хвасар гьаруна ракьцоял. Гьелъ бихьула дида руччаби цIунизе ва гьезул къимат гьабизе кколеблъи!»- ян тIадчIей гьабуна бетIерас.

Конференциялда рекIелъе бортулеб кIалъай гьабуна «Дагестанский аул» этнографиялъул музеялъул директор, РДялъул туризмалъул министерствоялда цебе бугеб туризмалъул ва художественниял промыслабазул Общественнияб советалъул пред. З. Сулеймановалъ. Гьелъ бихьизабуна бихьиназде данде ккун руччабазухъа бажарулин цадахъал масъалаби цере лъун, хIаракаталда хIалтIизе, рагъараб диолог гьабизе, рагIи дандеккезабизе. «Гьединлъидал, хириял гьудулзаби, нужеде ахIи балеб буго, гIуцIе туристлъиялъулал маршрутал, рагье гьалбадерил рукъзал, лъазабе цогиязул хIалбихьи, гьабе цоцазе кумек, малъе цоцада. Нижеца абуни кинабго рахъалъ кверчIвай гьабизе буго нужее.»

РДялъул ОПялъул зам. Ш. Насрудиновалъ абуна; «Дагъистан туризмалъе алжан гIадаб бакI буго. РачIа хIалтIи гьабизин Дагъистаниял ругел культуриял гIадамал, – ян абиледухъ, бихьизабизин нилъерго цебетIей. Нужер гьаниб бугеб берцинго ва лъикI, ниж нахъеги рачIина нужехъе – ян абиледухъ гIуцIе хIалтIи», - ян абуна гьелъ руччабаздехун.

РДялъул миллияб политикаялъул ва диниял суалазул министрасул цIаралдасан кIалъазе яхъана Х. Валиева. Гьелъ бихьизабуна Дагъистаналъул щияй чIужугIаданалда кIолин росдал туризм цебетIезабиялъулъ бутIа лъезе: «Гьелъие хIажалъуларо гIарац, аслияблъун ккола нужер рацIалъи ва тIагIамаб квен, жанир чIолел бакIазда лъикIал шартIал рукIин. Нуж рахьине рес буго гьалбадерил рукъалъул хозяйкабилъун ва бигьаго цебе тIола туризм. Гьелъулъ бугеб берцинлъи»! – ян бихьизабуна Хасайбатица.

ДандчIваялда рукIана Ивановалдаса, Хабаровскалдаса ва цогидалги бакIаздаса СМИязул вакилзаби. Журналистаз бихьизабуна цересел саназде дандеккун гьанже Дагъистаналда жал эркенго, хIинкъи гьечIого рукIанин, ракIалде кканин отпускги босун дагъаб мехалъги гьаниб хIалхьи гьабизе.

Конференциялда кIалъазе рахъана жидерго росабалъ хъизаналъулаб туризм цебетIезабурал руччаби. Гьез бицана туризмалъул ишалъулъ жидерго хIалбихьиялъул, гьеб гIуцIулаго нахъа тараб нухалъул, гьалбадерил рукъзабазул, цере чIарал масъалабазул, ругел захIмалъабазул.

Конференция лъугIун хадуб руччабазе кьуна къадиквен, районалъул берцинал бакIазде гьабуна экскурсия, киналго гIахьалчагIазе районалъул администрациялъ кьуна ракIалде щвеялъул сайгъатал.

**Асият МухIамадова**

# Чед инжит гьабуге!



Шагьаралъул нухда цо букIоналда
Лъурал муссоралъул къалазда аскIоб,
Тохлъукьего дида бихьулеб буго
КIиго гургинаб чед, тIад ккалги чIварал.

Гьеб хIужжа беразда бихьараб мехалъ
Дир черх сородана ракI пашманлъана,
Дида цебе чIана рагъул лъимерлъи
Дол рикIкIадал сонал, язихъаб заман.

Бакъвараб гIатIал хинкI кваназе щвани
Щавкъалда кьурдулел рукIарал заман,
ТIохIтIол чедги кванан, тIад лъимги гьекъон,
Рачлица чехьги къан, къуркьичIел лъимал.

Паркъун цее чIана кIудияй эбел
Дихьан чед бортидал ботIролъги тункун,
Пинкьазул цIураб квер хьвагIезе гьабун,
«Цеве валагье», - ян диде ахIдарай!

Чан гьардухъанасе садакъаялъе
Рикьулел рукIарал чадил мочIаби,
Чанги сардал – къояз квенги щвечIого,
Чан салдат вагъарав вакъун холаго!

Рагъул майданалда квенги гьечIого
Ракъун гурищ хварал аза-азар чи,
Чармилдай букIараб чед инжит гьабун,
КъватIибе рехарав хIалихьатил ракI!

Яги бечелъарал гогьмабацайищ
Дур къимат гIодобе ккезе гьабураб,
Жинца хур бекьичIей чIурхIухъаналъул
Хъубал кверацайищ хьуризабураб!

Я йикIун ятила хъахIал кверазул
Жеги тIор бихьичIей тIинай гIолилай,
«ГIемераб рокъоб» - ян рекъараб – ургьиб
Аби батун буго халкъалда гьоркьоб.

КъватIий рехилалде ккезе течIого
Тартибалда босе босулеб чедги,
Чадил къимат гьабе, вацалгун яцал,
ГьебгIан гучаб къуват гьечIин ракьалда.

ГIорцIарал чагIаца ракъаразе кье,
ГIодобе рехуге, хирияб нигIмат!

**ТIалхIат Ахъбердиев**

**Гъизилюрт шагьар.**

**Россиялъул журналистазул**

**ва хъвадарухъабазул союзалъул член.**

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 19.08.20 г. 17.15
фактически -18. 00 мин.

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.